



Pou Piblikasyon Imedya: 20/03/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KÒMANSMAN PWOJÈ RANPLASMAN PON 5 MILYON DOLA SOU THRUWAY LA NAN KONTE ONONDAGA

Pon woutye Schepps Corners la pral ranplase avèk nouvo estrikti ki pi an sekirite

Pwojè a ta dwe fini nan sezon otòn 2024, yon pati nan 450.9 milyon dola nan pwojè kapital yo atravè Thruway an 2024

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a kòmansman yon pwojè ranplasman pon pou 5 milyon dola sou Thruway Eta New York nan Konte Onandaga. Pon Schepps Corners Road, poto 274.4, nan Vil Manlius pral ranplase avèk yon estrikti modèn ki gen anpil amelyorasyon sekirite ak yon distans vètikal ogmante.

"Pon tankou sa yo esansyèl pou konekte kominote lokal yo epi rezidan yo ak biznis yo depann de yo pou amelyore kalite lavi yo ak pou ranfòse ekonomi an," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Eta New York kontinye rekonstwi pi byen lè li envesti ak kreye yon sistèm enfrastrikti ki pi modèn, ki pi fyab ki adapte pou lavni."

Ansyen pon an orijinal pou sistèm Thruway la epi li te konstwi an 1953. Pon an pote Schepps Corners Road sou NYS Thruway (I-90) epi li se youn nan plizyè douzèn ki gen plis pase 60 ane sou Thruway ki bezwen ranplase. Gen apeprè 2,600 veyikil pa jou ki wwayaje sou pon an.

Direktè Egzekitif Pwovizwa Otorite Thruway la, Frank G. Hoare, Esq. te deklare, "Thruway ap re-envesti plizyè santèn milyon dola peyaj nan amelyore yon sistèm Thruway ki gen prèske 70 an. Ranplasman pon Schepps Corners Road se youn nan plizyè douzèn pwojè k ap fèt ane sa a pou modènize enfrastrikti transpò nou an ki pral pèmèt Thruway rete youn nan otowout ki pi an sekirite e ki pi fyab nan nasyon an."

Senatè Eta a, John W. Mannion, te deklare, "Ranplasman pon 5 milyon dola Schepps Corners Road sou Thruway la se yon egzanp pafè rezon ki fè priorize investisman enfrastrikti yo tèlman enpòtan. Li demontre angajman nou pou sekirite, efikasite ak dirabilite. Mwen rekonesan anvè Otorite Thruway ak Gouvènè Hochul pou angajman yo pran pou kenbe wout ak pon nan Sant New York yo an sekirite epi byen konsève."

Manm Asanble AI Stirpe te deklare, "Envestisman 5 milyon dola Gouvènè a pou ranplase pon Schepps Corners Road ki gen plis pase 70 an sou I-90 nan Vil Manlius avèk yon estrikti modèn se yon bon nouvèl pou 127yèm distri a. Mete ajou enfrastrikti nou an asire ke pasaje yo pral gen yon vwayaj ki pi an sekirite avèk akotman ki pi laj, nouvo ray gid sekirite, osi byen ke ogmante distans vètikal. Mwen kontan sitou ak enpak anviwònman pwojè sa a pral genyen pou pwoteje ak benefisye marekaj ki tou pre nou yo ki ralanti vitès inondasyon nan zòn nou an."

Majistra Vilaj Minoa, William F. Brazill, te deklare, "Nan non kominote a, mwen vle eksprime pi gwo rekonesans nou pou angajman w pou amelyore enfrastrikti nou an. Dènye alokasyon 5 milyon dola pou pwojè ranplasman pon an se yon temwayaj devouman w pou asire sekirite ak byennèt rezidan nou yo. Nou vrèman apresye sipò ou, epi nou espere wè enpak pozitif investisman sa a pral genyen sou kominote nou an pou ane k ap vini yo."

Sipèvizè Vil Manilus, John Deer, te deklare, "Vil Manlius kontan anpil pou travay ki gen pou fèt sou pon Schepps Corners Road la. Amelyorasyon nan enfrastrikti lokal yo enpòtan anpil pandan n ap fè fas ak efè chanjman klimatik yo epi amelyorasyon sa a pral ede anpil Vil Manlius nan jere marekaj nou yo. Benefis adisyonèl ki genyen nan kondisyon vwayaj ki pi an sekirite ak pi dous pou rezidan yo byenvini."

Estrikti ki egziste deja a pral ranplase ak yon nouvo pon ki gen plis distans vètikal ki soti 14'5" pou 16'11", akotman ki pi laj, nouvo ray gid sekirite ak yon sifas pou kondui ki amelyore. Pwojè a gen ladan tou amelyorasyon anviwònman nan pwoteksyon dlo k ap koule ak ewozyon pou benefisye marekaj ki tou pre yo tankou ajoute goutyè wòch nan chak kwen nouvo pon an ki pral ralanti kouran dlo epi filtre lwen wout la. Y ap enstale yon tapi kontwòl ewozyon sou tout ke yo, pou etabli nouvo savann ki pral absòbe dlo lapli epi redwi ekoulman. Apati mèkredi 20 mas la, pon Schepps Corners Road la pral fèmen pou tout trafik pandan pwojè a. Yon detou apeprè 9 km pral an plas. Chofè yo ta dwe pran Kirkville Road pou rive nan N. Manlius Road. Chofè yo ka rankontre ralantisman oswa arè trafik sou Thruway pandan konstriksyon an. Pano Mesaj Varyab yo pral avize otomobilis yo sou travay konstriksyon an ak enfòmasyon sou detou yo.

Slate Hill Constructors of Warners, NY se kontraktè pwojè a apre yon pwosesis òf konpetitif. Yo prevwa konstriksyon an ap fini nan otòn 2024. Travay la depann de sitiyasyon meteyo a, epi dat yo ka chanje.

N ap raple otomobilis yo ke nan Eta New York la, kontravansyon yo double lè yo depase limit vitès nan zòn travay yo. Konfòmman ak Lwa 2005 sou Sekirite Zòn Travay (Work Zone Safety Act) yo, kondanasyon pou de oswa plis vyolasyon vitès limit nan yon zòn travay kapab lakòz yo revoke lisans yon moun.

Gouvènè Kathy Hochul te siyen pwogram pilòt Siveyans Otomatik Vitès nan Zòn Travay yo ke lejislasyon an te etabli. Pwogram ranfòsman sekirite a te kòmanse an 2023 epi li pral an vigè nan plizyè zòn konstriksyon sou Thruway la. Zòn travay avèk ranfòsman sou vitès yo pral gen siyal klè ki mennen nan zòn travay la. Yo pral peye bay amann

pou otomobilis ki vyole limit vitès ki afiche nan zòn travay la. Y ap voye pa lapòs amann pou vyolasyon yo bay pwopriyetè veyikil ki anrejistre a. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou pwogram nan isit la [isit la](#).

Pou enfòmasyon ki ajou sou sikilasyon yo, nou ankouraje otomobilis yo telechaje [aplikasyon mobil](#) Otorite Thruway la ki disponib pou telechaje gratis sou aparèy iPhone ak Android yo. Aplikasyon an bay otomobilis yo aksè dirèk nan tan reyèl ak asistans pou sikilasyon ak navigasyon pandan yo sou wout.

Vwayajè yo ka vizite tou [Kat Vwayajè](#) entèaktif Otorite Thruway la pou mizajou sou sikilasyon an tan reyèl epi enskri sou [TRANSalerts](#) pou enfòmasyon sou sikilasyon.

An gwo, 2.4 milya dola pral investi pandan senk ane k ap vini yo nan [Pwogram Kapital Thruway](#) la, yon ogmantasyon 500 milyon dola pa rapò a bidjè 2023 a. Ogmantasyon investisman an pral mennen nan travay sou apeprè mwaye nan plis pase 4500 km vwa Thruway yo ansanm ak pwojè sou apeprè 90 nan 817 pon Thruway yo. Travay pon ap gen ladan ranplasman, reyabilitasyon, penti, ranplasman jwenti, amelyorasyon distans vètikal, elatriye.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)